

## Premier dimanche

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen misyon pou veye sou lafwa pèp Bondye a, tankou Pap la, evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijye/relijijèz yo. Pou yo ede fidèl yo rete djanm ap veye pou jou Granmèt la pa rive sibat sou yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik ak sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite piblik nan peyi dAyiti. Pou yo travay kont tout fòs egoyis, jalouzi, tout fòs lanmò ki anpeche renmen donner nan sosyete nou an.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, espesyalman pou sila yo ki pa gen okenn sekou. Pou Bondye kapab soutni kouraj ak espwa yo pandan li mete sou wout yo moun pou ede yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la. Pou nou toujou rete ap veye. Pou banbòch, lajan, anbision pa andòmi lespri nou pou jou Granmèt la pa rive sibat sou nou.

An nou Lapriyè

## Deuxième dimanche

An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, ki gen pou misyon pou kenbe fèm ak bay Bòn nouvèl Jezi Kri epi simaye l toupatou; pou tout responsab yo tankou: Pap la, evèk yo, pè yo, diak relijje/relijijèz yo, ede pèp Bondye a mache nan chemen ki dwat pou evite chemen ravin ki mennen nan pèdisyon ak lwen Bondye.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite nan sèvis piblik yo tout kote sou tè a, espesyalman pou tout otorite nan peyi nou Ayiti. Pou yo kite pawòl Bondye antre nan konsyans yo; konsa ya travay pi byen pou fè diparèt enjistis, mizè, chomay ak tout lòt soufrans move jesyon kreye nan lavi pitit Bondye.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, ki nan prizon, moun sosyete a abandone, pou yo jwenn bon pwochen lonje men ba yo. Ann lapriyè pou tout moun kap sibi pèsekisyon pou lafwa yo, pou yo pa janm dekouraje, ni pèdi lafwa yo ak espwa yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodia. Pou renmen nou pou frè ak sè nou yo grandi chak jou pi plis. Pou nou kite tout move chemen nou yo, pou nou viv yon fason ki kòrèk devan Bondye, konsa na rive tout bon vre konble tout ravin ak falèz ki nan lavi nou ak nan sosyete a.

An nou Lapriyè

## Troisième dimanche

Pou tout moun ki gen mision pou gide lafwa pèp Bondye a : tankou Pap la, evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijye/relijyèz yo, pou yo tounen temwen pataj, respè, jistis ak renmen; pou fason y ap viv soutni jefò tout fidèl yo ap fè pou yo vin pi pwòch Bondye.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, sosyal e ekonomik toutpatou sou latè, pou yo toujou gade pi pòv yo an premye. Pou tout otorite nan peyi d'Ayiti, pou yo travay san pran souf pou tabli yon sosyete ki chita sou lapè jistis ak sekirite; konsa ya proche pi pre Wayòm Granmèt la ki vle pou abi, rayisans, ak soufrans fini sou tè a.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, pou sila yo ki gen kè sere, ki deprime akòz lòt pa konprann yo. Pou tout moun ki pa ka jwenn swen sante, pou yo pa janm dekouraje, men pou yo kontinye lite pou yon leta responsab ki pran problèm sitwayen l yo oserye pandan bon pwochen, ak òganizasyon konsekan ap lonje lanmen bay sak nan bezwen.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit jodia. Pou nan fason nap viv nou anonse tout bon vre gouvènman Bondye a toupre. An nou pran rezolisyon semenn saa pou nou pataje tout richès nou genyen ak lòt yo pou nou ka pi byen akeyi Granmèt la kap vini.

An nou Lapriyè

## Quatrième dimanche

An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen responsabilite anonse wayòm tou nèf Jezi Kri a. Pou yo ede nou dekouvri pi byen prezans Bondye nan nan bagay tou senp n ap viv chak jou yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun kap mennen lòt yo sou plan politik, ekonomik ak sosyal toutpatou sou latè, pandan nap sonje yon fason espesyal otorite nan peyi d'Ayiti. Pou yo travay pou disparèt tout baryè, tout perèz ak tout egoyis ki anpeche nou resewa lòt yo kòm frè ak sè nou tout bon vre.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, espesyalman tout sila yo ki pa gen pyès espwa jwen gerizon. Pou lafwa yo toujou rete fèm, pou yo dekouvri Bondye pa janm lage yo, pou yo rive konprann kouman li kontinye pase nan lavi yo a travè lòt yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit jodia. Pou nou swiv egzanp manman Mari, ki riske lavi li nan Bondye sèl. Pou nou toujou chèche volonte Bondye anvan tout bagay, pou nou swiv Granmèt la avèk konfians.

An nou Lapriyè